

Chè fanmi,

Ou gen yon timoun ki fèt an 2018? Pa bliye pou aplike pou pre-K avan **18 mas 2022!** Ou ka aplike sou entènèt nan [MySchools.nyc](https://www.schools.nyc.gov/my-schools), nan telefòn nan **718-935-2009**, oswa atravè yon Sant Byenveni pou Fanmi ([Family Welcome Center, FWC](#)).

Èske w te konnen yo fè pwogram pre-K Vil Nouyòk yo nan **two anviwònman pwogram diferan?** Tout anviwònman yo ofri menm bon kalite kourikoulòm pre-K tout jounen pou timoun Vil nou yo ki gen katran. Ou ka aplike pou pwogram yo ki nan tout anviwònman yo:

- **Sant Edikasyon pou Debitan NYC (New York City Early Education Centers, NYCEEC).** Òganizasyon debaz sa yo ki gen ekspè nan edikasyon pou debitan asosye avèk Depatman edikasyon (DOE) pou ofri pre-K.
- **Lekòl Distri.** Kèk lekòl primè leta DOE ofri pre-K.
- **Sant Pre-K.** Sa yo se sant debitan DOE ki ofri sèlman klas ki anba kindergarten

Yon pwogram pre-K ka ofri jiska **two tip plas pre-K:**

- **Plas tout jounen** gratis epi yo ofri swen ak edikasyon pou debitan pou 6èdtan ak 20 minit pa jou pandan ane lekòl la, jeneralman septanm rive jen. Tout timoun Vil Nouyòk ki fèt an 2018 elijib pou plas sa yo.
- **Plas nan pwogram jounen ak ane pwolonje** se pwogram gratis oswa bon mache epi yo ofri swen ak edikasyon pou debitan pandan tout ane a pou jiska 10 èdtan swen pa jou. Elijiblite pou plas sa yo baze sou revni ak bezwen fanmi w. Si w jwenn yon of pou yon plas nan yon pwogram jounen ak ane pwolonje, ou pral bezwen ranpli yon aplikasyon pou swen timoun pou w ka konfime elijiblite pitit ou a.
- **Plas Head Start** yo gratis epi yo ofri swen ak edikasyon pou debitan pandan tout ane a pou jiska 10 èdtan pa jou. Elijiblite pou Head Start baze sou revni ak bezwen fanmi w. Si ou resevwa yon plas nan yon Head Start, pwogram lan ap travay avèk ou pou konfime elijiblite pitit ou a.

Jwenn plis enfòmasyon nan [nyc.gov/PreK](https://www.nyc.gov/PreK).

Avèk kont [MySchools](https://www.schools.nyc.gov/my-schools) ou a, ou ka itilize anyè pou chèche pwogram, tip plas, ak lòt opsyon, tankou pwogram nan de lang ak lòt bagay! Log in pou sovgade pwogram ("save favorite programs"), ajoute pwogram nan aplikasyon w lan, epi aplike. Èske w gen kesyon oswa bezwen sipò?

- Voyer yon imèl ba nou nan [ESEnrollment@schools.nyc.gov](mailto:ESEnrollment@schools.nyc.gov)
- Rele nou nan 718-935-2009.
- Kontakte oswa vizite yon [Family Welcome Center](#).

Bon siksè,

Ekip admisyon Pre-K a, Biwo Enskripsyon Elèv

**Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w?** Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon pre-K nan [schools.nyc.gov/SignUp](https://www.schools.nyc.gov/SignUp). Si w pa vle resevwa imèl ankò ki soti nan nenpòt oswa tout lis imèl nou an, tanpri [la a](#) pou retire non w.